



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ KI POTE TRANSFÒMASYON POU  
OSSINING NAN KAD INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA  
A**

***SiS pwojè Revitalizasyon Anba Lavil pral amelyore potansyèl pou mache,  
itilizasyon transpò piblik ak aksè bò dlo; Amelyore plas piblik yo pou aktivite  
pèfòmans atistik ak kiltirèl; epi ogmante sèvis kominotè yo***

**Reprezantasyon Grafik Pwojè yo Disponib [Isit la](#)**

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse sis pwojè ki pote transfòmasyon nan Vilaj Ossining nan kad Prim 10 milyon dola pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) a. Prim yo ap ogmante aksesibilite pou pyeton, ak resous istorik, kiltirèl ak natirèl rich kominote a.

"Administrasyon mwen an ap kontinye bay pwojè ki pote transfòmasyon yo priyorite atravè investisman ki sibli k ap ranfòse kominote atravè New York yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa yo ap kreye yon anba lavil Ossining ki pi aksesib pou pyeton, dinamik, pandan l ap ogmante sèvis kominotè yo epi favorize devlopman ekonomik k ap benefisyè jenerasyon Nouyòkè ki rele Ossining lakay yo."

Vilaj Ossining posede plizyè byen enpòtan pou bati—bò dlo Rivyè Hudson lan, yon Ri Prensipal istorik, divèsite etnik ak kiltirèl atravè yon gwo popilasyon Latino ak Afriken Ameriken ak yon estasyon tren Metro-North. Revitalizasyon Ossining konsantre sou yon seri pwojè sinèji pou amelyore espas piblik yo, amelyore byen kiltirèl ak kominotè yo epi konstui enfrastrikti pou sipòte biznis ki egziste yo epi eksplwate nouvo kwasans ak devlopman ki ale pi lwen pase zòn anba lavil la. Investisman yo fè pati efò Gouvènè a k ap kontinye nan Rejyon Mid-Hudson lan. Se Depatman Deta a (Department of State) ki dirije Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (DRI), ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Investisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè presi k ap finance atravè DRI yo sipòte plizyè objektif ak estrateji ki genyen nan Plan Investisman Estratejik kominote a, tankou—Amelyorasyon aksè pou pyeton, itilizasyon transpò piblik ak aksè nan bò dlo; Amelyore espas piblik yo pou pèfòmans aktivite atistik ak kiltirèl; epi ogmante sèvis kominotè yo. Investisman 9.7 milyon dola

Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI a ap ogmante investisman piblik ak prive siplemantè yo pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

Pwojè yo gen ladan:

### **Amelyore potansyèl pou mach, itilizasyon transpò piblik ak aksè bò dlo**

#### **Konstui yon Sant Transpò Miltimodal pou fasilite devlopman a itilizasyon miks - Prim DRI: 2,243,000 dola**

Konstui yon sant transpò miltimodal pou bay apeprè 240 veyikil espas pou pake, ansanm ak enfrastrikti pou bisiklèt pou akomode paking ak rechaj, pou sipòte devlopman ranplisaj nan anba lavil la epi fè pwomosyon fyabilite ki ogmante nan itilizasyon veyikil. Sant lan ap jenere enèji renouvlab atravè yon twati an pano solè, epi konsepsyon an ap konfòm ak karaktè istorik Koridò Main Street la.

#### **Favorize peyizaj ri nan Katye Station Plaza pou amelyore Konektivite - Prim DRI:857,000 dola**

Anbeli katye Station Plaza a atravè ri ki amelyore, elajisman twotwa yo, aksè pou bisiklèt, kreyasyon kote ak koneksyon ant bò dlo a ak anlè Main Street.

### **Amelyore espas piblik pou pèfòmans aktivite atistik ak kiltirèl**

#### **Amelyore epi elaji Market Square Public Plaza - Prim DRI:2,000,000 dola**

Kreye epi konstui yon nouvo plaza ki pral genyen ladan l chèn, nouvo peyizaj, ak yon estad ak kyòsk elve. Plaza piblik la ap kontinye rete nan pwopriyete piblik.

#### **Prezève epi revitalize Imèb Istorik Olive Opera House la - Prim DRI: 1,500,000 dola**

Fè renovasyon sou deyò, restorasyon epi reajiste andedan bilding lan pou pèmèt gen espas travay ki fleksib ak yon espas pèfòmans ki gen etaj modilè

#### **Modènize espas pèfòmans Pak Bò Dlo Louis Engel la - Prim DRI: 600,000 dola**

Ranplase estad ki egziste a pa yon nouvo espas pèfòmans modèn, ki kouvri pou akomode pèfòmans yo nan move tan pandan l ap oryante moun lokal ak vizitè yo bò dlo a.

### **Ogmante sèvis kominotè yo**

#### **Transfòme Sant Kominotè Joseph G. Caputo a - Prim DRI: 2,500,000 dola**

Transfòme Sant Kominotè a an yon etablisman modèn pou lwazi ak aprantisaj entè jenerasyon k ap kreye opòtinite pou pwogramasyon ki inovan pandan l ap bay espas ki elaji epi amelyore pou STEM ak espò pou timoun, adilt, ak granmoun.

#### **Sekretè Deta nan New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Inisyativ**

Revitalizasyon Anba Lavil la ap transfòme kominote toupatou nan eta a an sant aktivite dinamik, epi pwojè yo chwazi pou Vilaj Ossining yo pa fè eksepsyon. Investisman estratejik sa yo ap kreye nouvo etablisman modèn pou lwazi piblik, evènman ak

aprantisaj ki atire rezidan ak vizitè yo menm jan nan vwazinaj anba lavil istorik vilaj la ak bò dlo a, pandan l ap amelyore tou, koneksyon nan kominote a atravè konstriksyon yon sant transpò miltimodal ak ri twotwa ki elaji ki fè pwomosyon mach ak bisiklèt. Pwojè sa yo ap benefisye tout kominote a pou jenerasyon k ap vini yo, epi mwen pa ka tann pou wè siksè yo."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Vilaj Ossining lan gen yon anbyans istorik ki rich ki antre nan tout tisi kominote a. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap jwe yon gwo wòl nan prezève divèsite kiltirèl ak sosyo-ekonomik kominote a, pandan l ap kreye yon kote ki atiran pou rezidan, biznis, ak vizitè ki konpoze kominote Ossining lan."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "Anons jodi a kontinye pwogrè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la k ap amelyore katye atravè New York yo atravè envestisman ki sible ki fèt nan kolaborasyon ak lidè lokal yo. Rezidan Ossining yo ap benefisye nan pa lontan de envestisman eta a nan sis pwojè k ap ranfòse aksè pou pyeton, amelyore aksè bò dlo, epi fè pwomosyon eritaj kiltirèl ak istorik rich vilaj la."

**Senatè Eta a, Elijah Reichlin-Melnick, te deklare** "Divèsite kiltirèl rich Ossining lan, bèl lokalizasyon Rivyè Hudson, ak distri lekòl inovan an fè pati ekonomi lokal k ap boujonnen li an. Gwo envestisman sa nan devlopman ekonomik li a ap afekte vilaj la nan fason pozitif pou ane k ap vini yo."

**Manm Asanble a Sandy Galef te deklare,** "Vilaj Ossining ap venefisye anpil de Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta NY la. Ossining se yon kominote istorik sou Rivyè Hudson ki, akòz laj li gen plis bezwen pou amelyore kalite lavi pou rezidan li yo. Gwo sibvansyon sa se yon gwo etap pou amelyore modènizasyon nan enfrastrikti ak pou ranfòse opòtinite kiltirèl yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou inisyativ sa ak sipò finansye pou Ossining."

**Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer te deklare,** "Sa se yon gran jou pou vilaj Ossining. Yon Prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la vle di yon transfòmasyon pou kominote istorik sa alorizon. Nou vle wè kominote yo pwospere epi grandi, vin dinamik epi akeyan, e se sa egzakteman ke Eta New York ap fè pou Ossining. Mwen remèsye Gouv. Kathy Hochul pou lidèchip li, epi mwen pa ka tann pou vizite Ossining epi wè pwojè DRI a pran fòm."

**Majistra Vilaj Ossining, Rika Levin, te deklare,** "Ossining ap bouje epi finansman sa pèmèt nou ale pi vit toujou, ki fè dezi ki la depi lontan an tounen yon reyalite epi reyalize objektif nou yo pou yon kominote k ap pwospere, ki enklizif epi dirab. Nou rekonesan anvè Gouvènè a ak anvè Eta New York pou vòt konfyans sa ak dèske yo rekonèt istwa dinamik Ossining ak avni san limit li."

**Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson (Mid-Hudson Regional Economic Development Council), Doktè Marsha Gordon ak Doktè**

**Kristine Young te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap transfòme katye anba lavil yo nan Eta New York atravè investisman kle ak pwojè ke manm kominote yo devlope. Sis pwojè sa yo ap transfòme anba lavil Ossining an yon kominote kote moun ka mache ak espas pou rasanbleman piblik ak aktivite kiltirèl k ap atire moun soti toupatou nan Eta ak peyi a pou vizite epi fè Vilaj la vin nouvo lakay yo, pandan l ap amelyore lavi ak byennèt rezidan ki egziste yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman kontini li pou revitalize anba lavil eta nou an."

## **Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil**

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Gen plis enfòmasyon sou DRI a ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418